

## KEPEMIMPINAN ING LAKON RAMA TAMBAK (TINTINGAN STRUKTURAL)

**Irma Fitriana, Prof. Dr. Udjang Pairin M. Basir**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

[bimsif\\_crack@yahoo.com](mailto:bimsif_crack@yahoo.com)

### Abstrak

Kepemimpinan minangka perangan sing paling penting kanggo mujudake peradabane bangsa supaya bisa luwih maju. Syarat baku mujudake kepemimpinan sing becik kanthi cara weruh lan mangerten ietika kepemimpinan.

Underan panliten iki ngenani kepriye wujud kepemimpinan kang kinandhut ing lakon *Rama Tambak* kanthi tintingan struktural. Adhedhasar underan panliten kasebut, ancasing panliten yaiku mangerten ietika struktural ing lakon *Rama Tambak*, lan mangerten ietika kepemimpinan kang kinandhut ing lakon *Rama Tambak*. Paedah teoritis sing kepengin digayuh yaiku asil panliten bisa weneh sumbangsih tumrap pangrembakane studi struktural mligine ing carita pewayangan.

Panliten iki minangka panliten kualitatif kang asipat deksriptif. Asil transkripsi saka video pagelaran wayang kanthi lakon *Rama Tambak* dadi sumber data. Pethikan sajrone lakon minangka data sing dianalisis. Anggone ngumpulake data nganggo teknik dokumentasi simak, lan cathet. Tahap analisis kanthi tatacara : milah data, kodifikasi lan penafsiran.

Asil panliten nuduhake (1) ietika struktural kang ana yaiku tema, plot, pamaragan, latar, lan amanat. (2) ietika kepemimpinan kang kinandhut ing lakon yaiku asthabrata lan berbudi bawalaksana. Etika asthabrata ing antarane yaiku awatak bumi (ora gampang kena provokasi lan andhap asor), awatak srengenge (bisa dadi panutan lan seneng paring motivasi), awatak bulan (bersahabat marang sapa wae), awatak lintang (nduweni gegayuhan sing luhur), awatak langit (ngayomi), awatak angin (tliti, ngati-ati, lan weruh kahanan satemene), awatak samodra (jembar atine lan gelem nrima maneka pamrayoga), lan awatak geni (adil lan tegas). (3) Konsep kepemimpinan memayu hayuning bawana ing lakon iki diwujudake kanthi cara (a) mujudake kamakmuran panguripane kawula, lan (b) ngreksa *kesejajaran* alam. Konsep manunggalan kawula gusti diwujudake kanthi cara (a) gotong royong, lan (b) pirembugan.

**Kata Kunci:** kepemimpinan, lakon *Rama Tambak*.

### **PURWAKA**

#### **Landhesan Panliten**

Indonesia nganti jaman saiki isih diadhepake krisis ing maneka bidhang, wiwit ekonomi, politik, budaya, kasarasan (*kesehatan*), lan kamanungsan sing tumekane ganti-gumanti. Sawijine krisis sing paling katon yaiku krisis kepemimpinan (Wibawa, 2010:2-3). Kahanan kepemimpinan ing Indonesia saya suwe saya mirisake. Sikap, sipat, lan karakter para pemimpin ing jaman modern iki akeh sing kurang prayoga. Padha-padha nduweni kalungguhan, nanging padha ngrusak saka buri (Yasasusastra, 2011:61).

Kepemimpinan (*leadership*) minangka perangan sing paling penting kanggo mujudake bangsa menyang tataran peradaban tartamu. Rakyat saiki mbutuhake figur kepemimpinan sing bisa dipercaya, dijagakne, lan bisa nyambungake apadene mujudake owah-owahan kang asipat konstruktif. Miturut Mahfud MD diarani pemimpin

kang transformatif (Ing <http://kampus.okezone.com> kaakses tanggal 05 Desember 2013 jam 19:03). Para kawula nggoleki pemimpin sing wicaksana, ngabdi marang rakyat sarta merakyat lan trep klawan budayane wong Indonesia. Mula saka kuwi, weruh lan mangerten ietika kepemimpinan tradisional Jawa sing ngandhut piwulang moralistik dirasa dibutuhake (Yasasusastra, 2011:61).

Pendhokumentasian ngenani prinsip kepemimpinan sajrone tradisi Jawa diandharake ing maneka reriptan kasusastran. Salah sawijine kakawin *Ramayana*. Kajaba awujud kakawin, *Ramayana* uga dadi sawijine babon carita pewayangan. Carita saka kabudayan Hindu iki dikutip lan ditrepake klawan kabudayan kang lumaku ing Jawa. Mula carita *Ramayana* diarani *Ramayana* versi Jawa (Nurgiyantoro, 2011:19).

Carita *Ramayana* kang ana ing pewayangan digelarake ing maneka lakon. Saben-saben lakon nduweni amanat dhewe. Sawijine lakon *Ramayana* kang

nyaritakake ngenani kepemimpinan yaiku lakon *Rama Tambak*.

Lakon *Rama Tambak* kalebu sawijine lakon wayang kang nyaritakake upayane Sri Rama ngrebut Sinta saka Rahwana kanthi cara mangun tambak Setubanda. Anane sistem kepemimpinan sing tumata lan apik, sarta gotong royonge para warga Ayodya, tambak Setubanda kasil diwangun. Kanggo mangun Tambak Setubanda, butuh anane maneka pangurbanan lan keyakinan bisa mbendhung Samodra Hindi. Tanpa anane kepemimpinan sing becik, Tambak Setubanda ora kasil diwangun.

Anane konsep lan *model* kepemimpinan kang disuguhake ing lakon *Rama Tambak* iki mujudake sawijine kepemimpinan masyarakat Jawa. Adhedhasar andharan kasebut bisa dadi landhesan nintingi carita ngenani kepemimpinan, saengga irah-irahan ing panliten yaiku **Kepemimpinan ing Lakon Rama Tambak**.

Wayang ngandut nilai estetis kang dhuwur, mula bisa ditintingi saka pamawas sastra. Tintingan struktural dipilih minangka sarana kanggo ngonceki kepemimpinan sajrone carita *Rama Tambak* tanpa ninggalake unsur estetike. Kajaba nganalisis unsur instrinsike, analisis struktural nuduhake sesambungan saben unsur lan sumbangan kanggo nuwuhake nilai estetik sarta makna sastra sing arep dijentrehake (Nurgiyantoro, 2005:37).

### Underane Panliten

Adhedhasar landhesan panliten kang wus diandharake ing ndhuwur, sabanjure underan panliten yaiku :

- (1) Kepriye ringkesan carita lakon *Rama Tambak*?
- (2) Kepriye aspek struktural lakon *Rama Tambak*?
- (3) Kepriye wujud etika kepemimpinan kang ana sajrone lakon *Rama Tambak*?
- (4) Kepriye wujud konsep memayu hayuning bawana lan manunggaling kawula gusti kang ana sajrone Lakon *Rama Tambak*?

### Tujuwan Panliten

Tujuwan umum minangka andharan kekarepan panliten kang asipat umum. Tujuwan mligi minangka andharan kekarepan kang ana gayutane klawan underan panliten.

- (1) Njlentrehake ringkesan carita lakon *Rama Tambak*.
- (2) Njlentrehake unsur struktural sajrone lakon *Rama Tambak*.
- (3) Njlentrehake wujud-wujud etika kepemimpinan ing lakon *Rama Tambak*.

- (4) Njlentrehake wujud konsep memayu hayuning bawana lan manunggaling kawula gusti ing lakon *Rama Tambak*.

### Piguna Panliten

Asiling panulisan skripsi iku diajab nduweni guna kanggo teoritis utawa praktis.

Piguna teoritis, asil panliten iki bisa menehi motivasi dhiri kanggo ngrembakakake kawruh kanthi cara nambah wawasan lumantar maca. Asil panliten iki bisa dadi sumbangan tumrap pangrembakane studi struktural, mligine kanggo ngonceki carita-carita wayang.

Piguna praktis, pangajab saka panliten iki bisa nambahi kawruh kanggo para akademisi, para sutresna wayang, lan bebrayan Jawa ngenani piwulang moral kang kinandhut ing lakon wayang mligine lakon *Rama Tambak*. Kajaba iku, uga bisa didadekake bahan acuan panliten sabanjure mligine ing carita wayang.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Analisis Struktural Sastra

Anane kasunyatan yen ta carita wayang minangka reriptan kang adiluhung, nuduhake dhuwure nilai *literer* reriptan sajrone fenomena sastra (Nurgiyantoro, 2011:21). Minangka sawijine reriptan kasusastran, estetik dadi titikan kang dominan sajrone carita wayang, saengga wayang bisa ditintingi saka wujud caritane (sastra).

Miturut kaum strukturalisme, sastra minangka sawijine reriptan sing totalitas lan diripta kanthi *koherensif* saka unsur-unsur pamangune utawa strukture. Abrams (sajroning Nurgiyantoro, 2005:36) nuduhake, struktur karya sastra ditegesi minangka susunan, gegambaran sakabehe perangan sing dadi *komponen-e* lan kanthi bebarengan bisa mujudake *kebulatan* kang endah.

Teori struktural dhewe nduweni maksud anane panganggep yen ta ing njerone karya sastra iku minangka sawijine struktur sing otonom lan bisa dimangertenin minangka satu kesatuan sing wutuh kanthi sesambungan antarane unsur-unsur pamangune (Pradopo, 2001:55). Unsur instrinsik minangka unsur kang mangun karya iku dhewe, lan bisa mujudake karya sastra (Nurgiyantoro, 2005:230). Kang kalebu unsur instrinsik yaiku kadadeyan carita, alur (plot), paraga, watake paraga, latar, sudut pandang pencitraan, basa lan lelewanning basa, lan sapiturute.

Panliten iki difokusake ing kepemimpinan. Mula saka iku, sanajan unsur instrinsik kaperang dadi akeh, nanging bakal diandharake tema, pamaragan, plot, latar, lan amanat kang nyengkuyung panliten.

Analisis struktural nduweni ancas ngonceki lan ngandharake kanthi permati sambungan saben anasir

karya sastra sing bisa ngasilake makna (teges) kanthi wutuh. Analisis struktural ora ateges nambahake *anasis-anasir*, nanging sing luwih penting yaiku sumbangan apa sing wis dibentuk saka sakabehe anasir kasebut tumrap makna tunggal sajrone *keterikatan* lan *keterjalinane* (Teeuw, 1984:135-136).

Analisis struktural ora mung nganalisis unsur instrinsike, nanging perangan sing luwih penting yaiku nuduhake sesambungan antarane unsur lan sumbangan kang nuwuhake nilai estetik lan makna sing arep dijilentrehake (Nurgiyantoro, 2005:37).

### Lakon Rama Tambak

Sadurunge ngrembug *Rama Tambak*, luwih becik mangerteni babon saka lakon *Rama Tambak* yaiku carita *Ramayana*. Teks asli *Ramayana* ditulis nganggo basa Sansekerta. Sawise mlebu menyang Jawa, teks kasebut disadur lan disunting menyang basa Jawa Kuna sarta diwuwuhi lan ditrepake klawan carita lan legenda sing wis ana ing jamane (Moebirman, 1973:40).

Ramayana nggamarake heroike Rama minangka renkarnasine Wisnu lan kasetyane marang garwane. Carita Ramayana nduweni tema baku yaiku perjuwangan kekal abadi antarane bab apik lawan bab ala, sarta perjuwangan sing bener mesthi bisa ngasorake sing ala (Moebirman, 1973:41-42).

Kasusastran pewayangan Ramayana ditulis nganggo basa Jawa Kuna ing wiwit 825 Caka, nanging durung dingertenipun sapa sing nganggit. Kitab iki awujud syair, kawangun saka 24.000 sloka, lan kawangun saka 7 jilid (*kanda*) (Amir, 1994:38). Saben-saben *kanda* nduweni carita dhewe nanging isih gegayutan. Salah sawijine yaiku *Kiskenda Kanda* (*kanda* kapat) kang nyaritakake Rama lan Sugriwa sarta wadya Pancawati nyebrangi samodra menyang negara Alengka. Ing lakon wayang diarani lakon *Rama Tambak* (Amir, 1994:40).

### Etika Kepemimpinan

Etika minangka salah sawijine perangan filsafat sing nduwe punjer ing bab nilai (*value*) lan moral sing gegayutan klawan tumindake manungsa. Tembung etika asale saka basa Yunani “ethos”, tegese cara tumindak, adat, papan panggonan. Dene tembung moral saka tembung liya “mos”, tegese padha karo etika (Iriyanto, :52). Nanging asring beda ing panganggone, moral digunakake tumrap tumindak sing dinilai, dene etika minangka tintingan sistem nilai (Ratna, 2007:153).

Ing KBBI (Adiwimarta, dkk., 2002:874), tembung kepemimpinan asale saka tembung pimpin. Kepemimpinan dhewe nduweni teges bab pemimpin, cara mimpin. Miturut Wibawa (2010:8), kepemimpinan minangka asil proses owah-owahan karakter (transformasi internal) saka dhiri pribadine pawongan.

Cundhuk klawan teges etika lan kepemimpinan ing andharan sadurunge mula etika kepemimpinan bisa ditegesi minangka kawruh ngenani sikap, tumindak mangaribawani saka pemimpin marang andhahane (kawulane) kang kudune ditindakekae adhedhasar tata nilai lan norma kang lumaku ing bebrayan.

Etika kepemimpinan luwih nengenake “being” yaiku kalungguhane manungsa ing ngarepe Gusti lan sapadhane. Tumrap pemimpin, kalarone padha-padha pentinge. Pemimpin kudu weruh ngendi sing pener lan luput, becik lan ala, sarta perlu ngrembakakake wewatekan lan karakter sing kebak pangurbanan, pelayanan, lan kabecikan (Ronda, 2011).

### Asthabrata

Piwlulang asthabrata diturunake Rama marang Wibisana anggone nerusake proses pamrentahan ing Ngalengka sawise Rahwana mati. Astha tegese wolu, brata tegese laku, kuwajiban. Asthabrata ditegesi minangka kuwajiban pemimpin sing wicaksana anggone ngadhepi kawula sing multikultural (<http://ikadbudi.uny.ac.id./article.html> kaakses tanggal 08 Februari 14.52 WIB).

Miturut Yasarasastra (2011:156-168), Ing kepemimpinan iki sawijine pemimpin kudu nulad wolung sipayat alam yaiku : bumi, srengenge, candra, lintang, langit, samodra, angin, lan geni. Supaya luwih cetha bisa dideleng andharan ing ngisor iki :

#### (1) Bumi

Bumi klawan unsur lemahe asipat adhem, luwes (*fleksibel*) lan gampang adaptasi. Tegese, sanajan nduweni sipayat gampang adaptasi nanging ora gampang dibujuk, ora gampang kena provokasi. Sakabehe masalah diadhepi kanthi pamikiran lan pangrasa kang weneng. Wong kang nduweni sipayat bumi bakal nduweni sipayat andhap asor nanging dadi tumupuan lan pangarep-arepe wong akeh.

#### (2) Srengenge

Wong kang awatak srengenge tegese bakal dadi sumber panguripane manungsa, bisa dadi panuntun, guru, pangayom, sarta bisa nindakake dinamika panguripane manungsa menyang kahanan utawa peradaban sing luwih maju.

#### (3) Candra

Watak rembulan yaiku weneh cahya sajrone pepeteng tanpa anane rasa kang panas. Tegese wong kang awatak kaya candra bakal weneh katentreman nalika kalbune rakyat padha peteng. Tansah gawe swasana lan kahanan ing sesrawungan katon raket ora agawe crah.

#### (4) Lintang

Tumata, teratur, lan tertib minangka watake lintang. Bisa nglelipur wong sing nandang kasusahan, bisa nuntun

wong sing lagi bingung. Wong kang niru watak lintang bakal nduweni gegayuhan, pangarep-arep, lan target sing luhur tumrap kemakmuran lan katentreman ora mung kanggo awake dhewe nanging uga para kawulane.

#### (5) Samodra

Samodra utawa laut nduweni karakter sing bisa nampa apa wae kang lumebu ing jerone. Watak samudra tegese ati kang lapang, sabar, sarta gelem nrima maneka sesambat.

#### (6) Langit

Akasa utawa langit asipat ngayomi sakabehe makhluk tanpa pilih kasih lan weneh keadilan tumrap sakabehe.

#### (7) Angin

Wong kang awatak bayu (angin) tansah nliti lan nyusup menyang ngendi wae kanggo weruh masalah-masalah apa sing lagi ditandang kawulane. Anggone nliti masalah tansah tliti lan ngati-ati, meruhi maneka persoalan nganggo data sing valid saengga ngrampungi masalah bisa kanthi tanggungjawab.

#### (8) Geni

Watak geni bakal ngobong apa wae kang dadi bahane. Maksude wong kang awatak geni anggone ngrampungi perkara kudu trep klawan kuwajibane, ora golek-golek perkara sing satemene ana sajabane kuwasane.

### Berbudi Bawalaksana

Raja utawa pemimpin kudu nduweni sifat bawalaksana kajaba sifat becik liyane. Ing donyaning pewayangan, sifat bawalaksana iku dianggep nduweni nilai kang dhuwur, saengga kudu dimenangake senajan ta kudu adhep-adhepan marang nilai liyane (Sujamto, 1993:17).

Pemimpin kang konsekwensi tansah nduweni tekad ngupaya mujudake apa kang wus diucapake, utawa ing Jawa diarani pemimpin kang nduweni sifat bawalaksana. Tumrap bebrayan Jawa bawalaksana nduweni nilai dhasar kang luhur yaiku ngemot nilai-nilai keadilan, kebenaran, kejujuran, lan mental (Bratawijaya, 1997:115).

Miturut Sujamto (1993:47), etika bawalaksana ngandhut nilai-nilai kang becik sarta kudu dicekel tumrap sakabehe wong becik. Apamaneh kanggone para panguwasa nagara. Luwih ditengenake maneh yen ta pemimpin kang nduweni wibawa kuwi satemene nduweni salah sawijine sifat yaiku sifat bawalaksana.

### Konsep Kepemimpinan

Kepemimpinan wong Jawa tuwuhan saka budaya suku bangsa (etnik) kang satemene dudu saka budaya kang homogeny (Koentjaraningrat, 1984:60). Ing bebrayan

Jawa, panguwasan minangka samubarang kang agung lan kramat kang sumbere saka Gusti kang Mahasakti. Panguwasan mung bisa dipikolehi manungsa sing dipilih, dianggep nduweni kakuwatan kanggo mimpin.

### Manunggaling Kawula Gusti

Ing konsep kepemimpinan Jawa tuwuhan tetembungan manunggaling kawula gusti. Tegese anane sesambungan antarane pemimpin klawan Kang Mahakuwsa ndadekake pola kepemimpinan ing budaya Jawa asipat agung lan sakral.

Miturut Sri Sultan Hamengkubuwana X, falsafah kepemimpinan Jawa bisa ditelaah ing piwulang Manunggaling Kawula Gusti, kang ngandhut rong substansi yaiku kepemimpinan lan kerakyatan. Orientasi kepemimpinan marang kerakyatan iki nduweni komitmen setya marang janji, awatak tabah, kukuh, toleran, tansah tumindak becik lan sosial (Hamengkubuwono, 2003:64-65).

### Memayu Hayuning Bawana

Konsep Memayu Hayuning Bawana miturut Kamajaya, ngayomi kaselamatan (kasejaheraane) donya (bumi). Memayu hayuning bawana minangka kuwajiban luhur lan sikape manungsa Jawa. Hakekat uripe wong Jawa ora bisa uwal saka upaya kanggo tumindak becik marang sapadha. Miturut Endrasawara, katentreman lan kedamaian kalebu landhesan kanggo urip mulyane wong Jawa (2006:51).

Konsep kepemimpinan Jawa ana sambung rakete klawan unsur kosmologi, bab iki kabuki saka gelar-gelar sing diuduweni para raja ing Jawa. Kayata gelar Paku Buwana, Hamengku Buwana, Mangku Negara, Paku Alam. Tembung buwana, negara, alam minangka gegambaran alam raya sing dipangku, dipaku, sengga keseimbangane bisa dijaga.

Koentjaraningrat (1984:435) nyebutake ukara iki ing perangan *Hubungan antara Manusia dengan Alam* kang dijarwakake mangkene : nanging wong Jawa rumangsa nduweni kuwajiban memayu hayuning bawana utawa nggawe endahing dunya; mung iki sing bisa weneh arti marang urip. Ana wong-wong kang nganggep yen manungsa kudu nguri-uri lan ngapiki lingkungan fisike. Saperangan liya ana kang nganggep kanthi abstrak yaiku wong kang nduweni kuwajiban ngreksa sarta ngapiki lingkungan spiritual, kayata adat, tatacara, lan gegayuhan sarta nilai budaya sing umum ana sajrone bebrayan, kajaba gegayuhan lan nilai pribadi.

### Landhesan Teori

Teori sing dienggo sajrone panliten diwiwiti saka teori struktural dening Nurgiyantoro kang ngandharake

analisis struktural bisa ditindakake kanthi cara ngandharake guna lan sesambungan antar unsur. Analisis struktural ora mung nganalisis unsur instrike, nanging perangan sing luwih penting yaiku nuduhake sesambungan saben unsur lan sumbangane kanggo nuwuhake nilai estetik lan makna sing arep dijilentrehake (Nurgiyantoro, 2005:37).

Etika Kepemimpinan kanthi sarana kepemimpinan asthabrata lan berbudi bawalaksana. Etika kepemimpinan asthabrata nganggo panemune Yasarasastra (2011:156-168). Ing konsep kepemimpinan iki sawijine pemimpin kudu nulad wolung sipat alam yaiku : bumi, srengenge, candra, lintang, langit, samodra, angin, lan geni.

Etika bawalaksana nganggo panemu saka Sujamto (1993:47) yaiku Panguwasa (pemimpin) kudu konsekwensi anggone nindakake utawa mujudake apa kang wus diucapake.

Konsep kepemimpinan Memayu Hayuning Bawana nganggo panemu saka Koentjaraningrat yaiku wong Jawa nduwensi kuwajiban ngreksa kaendahaning donya. ngreksa sarta ngapiki lingkungan spiritual, kayata adat, tatacara, lan gegayuhan sarta nilai budaya sing umum ana sajrone bebrayan, kajaba gegayuhan lan nilai pribadi (Koentjaraningrat, 1984:435).

Konsep kepemimpinan manunggaling kawula gusti nganggo panemune Hamengkubuwono yaiku manunggaling kawula gusti ngandhut rong subtansi, kepemimpinan lan kerakyatan. Orientasi kepemimpinan marang kerakyatan nduwensi komitmen setya marang janji, tansah tumindak becik, lan sosial (Hamengkubuwono, 2003:64-65).

## METODE PANLITEN

Panliten iki minangka panliten kualitatif kang munjerake ing sastra. Ing panliten iki nganggo tintingan struktural sastra. Tintingan struktural dipilih minangka sarana kanggo ngonceki kepemimpinan sajrone lakon *Rama Tambak* tanpa ninggalake unsur estetike. Kajaba nganalisis unsur instrinsike, analisis struktural nuduhake sesambungan saben unsur lan sumbangane kanggo nuwuhake nile estetik sarta makna sastra sing arep dijilentrehake (Nurgiyantoro, 2005:37).

## Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata ing panliten iki yaiku carita *Rama Tambak* asil transkripsi saka video pagelaran wayang dening Ki Dhalang H. Manteb Soedarsono.

Dhata ing panliten awujud pethikan-pethikan dialog sajrone lakon *Rama Tambak*. Pethikan kasebut minangka bukti sajrone carita kang ditemokake miturut undering rembug.

## Instrumen Panliten

Instrumen panliten ing kene yaiku manungsa kang ora liya panliti dhewe. Panliti minangka sarana kanggo nglumpukake data kang bakal ditliti lan uga kang ngasilake analisis data. Manungsa minangka instrumen kunci nduwe gaman sing bisa digunakake kanggo menehi pambiji marang kahanan.

## Tatacara Nglumpukake Dhata

Ing panliten iki nganggo metode dokumentasi (simak lan catat). Metodhe dokumentasi nggoleki data ngenani bab utawa variabel kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen, agenda, lsp (Arikunto, 2006:231).

Ing panliten iki uga nganggo kartu data kanggo nyathet bab-bab sing wis ditemokake miturut underaning panliten. Disiapake kartu kosong saperlu nyathet katrangan kang asipat bebas utawa durung ditemokake ing daftar, bisa digunakake ukara bebas kanggo nggampangake anggone maca lan nengeri.

## Tatacara Ngolah Dhata

Sawise proses nglumpukake data, sabanjure yaiku analisis data. Analisis data minangka kagiyatan kanggo njlentrehake data. Miturut Patton (sajrone Moleong, 2002:103), analisis data yaiku proses ngatur urutane data, ngorganisasekake marang sawijine pola, kategori, lan andharan.

Langkah-langkah analisis data sajrone panliten iki :

- (1) Maca lan nyinaoni transkripsi carita lakon *Rama Tambak*.
- (2) Sawise maca banjur ditliti maneh supaya luwih bener lan pener, sarta laras karo underaning panliten. Kagiyatan iki diselarasake klawan teori struktural sastra.
- (3) Carita diperang sarta diklumpukake miturut perangan-perangane kang cundhuk klawan underaning panliten.
- (4) Sabanjure nindakake kodefikasi. Kodefikasi yaiku menehi kode utawa tetenger marang data, supaya panliti gampang anggone nggolongake data. Tuladhane nengeri ukara sajroning carita sing cundhuk klawan sawijine etika kepemimpinan.
- (5) Langkah pungkasan yaiku nafsirake dhata kanggo ngasilake sawijining andharan saka data kang wis dipikolehi lan nggawe dudutan.

## ANDHARAN ASIL PANLITEN

### Aspek Struktural Lakon *Rama Tambak*

#### 1) Tema

Tema baku saka lakon wayang akeh ngrembug bab becik lawan bab ala. Sawise diwaca lan dijingglengi,

tema ing lakon Rama Tambak yaiku perjuangan. Tema perjuangan ing kene dipilih jalaran carita kang dominan sajrone lakon ngrembug ngenani perjuangane Ramawijaya lan wadya Pancawati. Perjuangan kanggo ngrebut baline Sinta diwujudake kanthi cara mangun tambak Setubanda. Sawijine tambak kang mbendhung iline samodra Hindi, saengga Ramawijaya lan wadya Pancawati bisa nyebang menyang Ngalengka. Pethikane kaya mangkene :

(1) J : "Ngaten sinuwun, manut pawarta ingkang kula tampi dinten menika Sri Rama menika lak nedheng-nedhengipun bingung liwung, jalaran kicalan garwanipun menika."

*Berdasarkan kabar yang saya dapat, Sri Rama sedang bingung karena kehilangan istrinya.*

J : "Kula mireng pawartos, menawi Prabu Rama menika badhe nambak Samudra Hindi." (DT I, kc. 163)

*Beritanya, Prabu Rama akan membendung Samodra Hindi.*

Adhedhasar andharan kasebut bisa dituduhake tema ing lakon Rama Tambak yaiku perjuangan. Perjuangan kasebut kaperang dadi loro. Kapisan perjuangan kanggo ngrebut bali garwane Ramawijaya. Kapindho perjuangan kanggo mujudake gegayuhan kang wus dibentuk bebarengan lan kanggo mulyane bebarengan.

## 2) Plot

Plot ing lakon *Rama Tambak* awujud maju. Kabukti saka sakabehe carita dicaritakake kanthi runtut wiwit susahe Rama kelangan garwane, upaya wadya Pancawati mangun Tambak Setubanda, lan pungkasan wadya Pancawati kasil nyebang menyang nuswa Ngalengka.

Perangan wiwitan nyaritakake susahe Rama karana garwane dicolong Rahwana. Alur tengah dicaritakake anane konflik lan cara mungkasi konflik. Konflik kang ana sajrone carita iki yaiku upaya mangun tambak Setubanda sing diribeti para kawulane Rahwana. Sawise para wadya Pancawati manunggal kerja bebarengan direwangi wadya bala saka samodra, pranyata ora ndadekake tambak bisa diwangan kanthi gampang. Kahanan iki disebabake upayane Rama kasebut diribeti ditya Ngalengka pimpinane Janggirsana, Yuyurumpung, lan Bajul Sengara.

Perangan pungkasan minangka cara mungkasi konflik. Konflik dipungkasi nalika Janggirsana diadhepake marang ngarsane Ramawijaya. Nalika diadhepake Rama, Janggirsana sesambat lan nyuwun amrih ora diukum pati. Ramawijaya sing pancene narendra dutaning adil, anggone nggawe ukuman bener-bener dietung kanthi permati. Sawise weruh alesane Janggirsana, Ramawijaya ora paring ukuman marang Janggirsana.

Alur pungkasan ing lakon iki nuduhake upayane wadya Pancawati sing kasil mangun tambak lan kasil nyabrang ing nuswa Ngalengka. Anane kerja bebarengan

lan manunggaling rasa, cipta, budi, lan karsa ndadekake wadya Pancawati bisa mbrastha pepalang lan pungkasane kasil mangun tambak. Rama bungah jalaran kasil tumeka ing negarane Rahwana. Pethikane mangkene :

(2) R : "Dina iki, panjenenganingsun wis kelakon nyabrang tumeka ana ing nuswa ngalengka."

*'Hari ini aku berhasil menyebrang di Alengka.'*

W : "Inggih sinuwun." (DT I:191)  
*'Iya, Tuan.'*

Pacelathon kasebut dumadi antarane Rama lan Wibisana ngrembug kasile nyebang menyang Ngalengka.

Kahanan iki ndadekake Rama seneng, upaya kanggo ngrebut garwane saya cedhek. Ing pungkasing carita Wibisana paring piweling marang Rama amrih ora grusagrusu anggone tumindak sanajan wus teka ing Ngalengka.

## 3) Pamaragan

### Ramawijaya

Sri Ramawijaya minangka pemimpin ing negara Pancawati. Ing lakon Rama Tambak Ramawijaya kalebu paraga utama protagonis, saengga akeh pamaragane sing becik. Pamaragan saka Ramawijaya, yaiku :

Minangka panguwsa, anggone Rama tumindak utawa mutusake perkara kudu ngati-ati, jalaran ana sesambungane klawan uripe para kawulane. Pamaragane Ramawijaya nggamarake pawongan kang ngati-ati anggone weneh putusan. Sakabehe keputusan ora kena sakarepe dhewe nanging tansah dipriksa kanthi permati. Kaya pethikan iki :

(3) R : "Janggirsana. We tumindak ngono kuwi temen-temen dudu karepmu?"

*'Janggirsana. Perbuatanmu yang demikian benar-benar bukan keinginanmu?'*

J : "Adhuu mboten sinuwun. Mboten babar pisan. Kula dipunprentah prabu rahwana. Inggih saestu."

*'Tidak sama sekali, Tuan. Saya hanya diperintah Prabu Rahwana.'*

R : "Tegese we mung saderma?"

*'Berarti kamu hanya semata melakukan?'*

J : "Inggih nyatanipun kula nggih kadenangan. Nek kula mboten bidhal malah dipunpejahi kaliyan prabu dasamuka." (DT I, kc:188)

*'Benar. Jika saya tidak berangkat, saya akan dibunuh. Namun akhirnya tetap ketahuan juga.'*

Pemimpin kudu bisa tumindak wicaksana. Semana uga sikap sing dituduhake Ramawijaya ing pethikan kasebut. Ora sokur weneh ukuman lan putusan sarta ngati-ati ndadekake Ramawijaya dikurmati lan disenengi para kawulane. Kejaba kuwi, anggone Ramawijaya ngati-ati kanthi tujuwan supaya bisa adil saengga kahanan panguripan ing negarane ora crah.

### Gunawan Wibisana

Wewatekan saka paraga Wibisana yaiku wasis. Ing maneka antawacana, tetembungan kang diandharake Wibisana marang sapa wae tansah ngatonake menawa dheweke pawongan sing wasis.

Nalika disusul lan dijak Kumbakarna supaya bali menyang Ngalengka, Wibisana mangsuli pangajake kangmase kanthi weneh panemu-panemu sing trep. Pranyata Kumbakarna sing luwih gedhe malah ora nduweni pamikiran sing dhuwur tinimbang Wibisana. Pethikan kasebut kaya mangkene :

(4) W : "... Mangga kula aturi enget-enget, watak wantunipun kakang rahnawa ingkang daksiya angkara murka gendhak gunanipun liyan, langkung-langkung medhot katresnan liyan, mangka angkara murkanipun tansah dipunumbar rinten dalu, mboten menggalihaken kasengsarane para kawula dasih, cobi ta kula aturi menggalih, kangmas kumbakarna inggih mreksani piyambak lelampahanipun kakang rahnawa jumeneng ratu wonten nglalengka menika kados lak srana bebanten sedanipun Eyang Subali, ..."

*'... Kakak saya ajak mengingat kembali watak kakak Rahwna. Rahwna telah berani mengambil hak orang lain, juga berani memutus tali kasih sayang orang lain. Angkara murkanya selalu dilakukan siang malam tanpa memikirkan kesengkaran rakyatnya. Kangmas Kumbakarna juga menyaksikan sendiri bagaimana cara kakang rahnawa hingga bisa menjadi ratu di alengka dengan sarana korban meninggalnya Subali. ...'*

K : "Aduh, adhiku..dhi adhiku Gunawan, aku rumangsa ora gaduk panemuku, yen ta tumanggap panemune si adhi, ..." (DT I, kc.:167)

*'Gunawan. aku tidak pernah bisa mengimbangi pendapatmu, ...'*

Pethikan kasebut nuduhake watek sing bisa ditiru saka paraga Wibisana. Pawongan kang tumindak becik tansah nglandhesake adhedhasar mata batine. Mata batin ora bakal muni goroh. Mesthi ngandharake sing bener. Semana uga gegambaraning Wibisana sing seneng marang bebener. Dheweke ora tidha-tidha ninggalake Ngalengka karana pancen wus rumangsa bakal ngrobyongi wong tumindak ala. Kamangka dheweke pawongan kang wedi marang dosa.

### Anoman

Anoman nduweni watak tanggung jawab marang kuwajibane. Minangka Patih, Anoman rumangsa yen dadi kuwajibane Anoman dhewe. Supaya luwih gampang bisa dideleng ing pethikan iki :

(5) A : "Ingkang dados pandheganing senapati menika kula mboten paman. Paman menika dados sesepuh kemawon. Paduka kenging tumandang menawi kula sampun pejah. Menawi kula tasih meger-meger tasik kiyat rumagang, sampun ngantos jengandika paman badhe rumagang. Menika wewenang kula...." (DT I, kc.:177)  
*'Sayalah yang memiliki tugas sebagai senapati. Paman menjadi tetua saja. Anda bisa berbuat jika saya sudah mati. Akan tetapi jika saya masih kuwat bertindak, Paman jangan sampai bertindak. Ini adalah kewenangan saya. ...'*

Anane rasa tanggung jawab sing gedhe, ndadekake Anoman dadi patih sing ditresnani Ramawijaya. Sasuwene awak isih kuwat nandhangi kuwajiban mula ora kena diganteni dening paraga liya.

### Sugriwa

Sugriwa yaiku senapati lan sesepuh para wanara ing Pancawati. Anoman dalah para wanara padha kurmat marang dheweke. Minangka sesepuh ora njur sakabehe sabdane Sugriwa digugu.

Pamaragane paraga Sugriwa yaiku gampang cubriya marang wong asing (wong sajabane Pancawati). Rasa cubriyane kasebut ing lakon *Rama Tambak* dituduhake marang wong saka tlatah Ngalengka. Wujud cubriyane Sugriwa marang Wibisana bisa dideleng ing pethika iki :

(5) Su : "Iki adhine Dasamuka?"  
*'Ini adiknya dasamuka?'*

....  
 Su : "Keneh apa mbok apiki? Kudune tugel gulfune. Heh Anoman, ora eling kowe hem.. Rahwna kuwi sapa? Dasamuka kuwi sapa? Hiya kuwi sing nyidra sintu. Cetha yen kuwi sedulure lanang. Wong kuwi sedulure Dasamuka, wis mesthi bakal elek gedhogane." (DT I, kc.:176)

*'Untuk apa dia diperlakukan baik? Anoman apakah kamu tidak ingat Rahwna itu siapa? Dia yang menodai sintu. Pasti ia saudara kandungnya. .... jika dia saudaranya Dasamuka, pasti hatinya juga buruk.'*

Rasa cubriyane Sugriwa ing pethikan kasebut mung dilandhesake karana drengkine marang wong Ngalengka. Karana tansah nyubriyani marang wong liya ndadekake Sugriwa ora digugu dening paraga liyane. Bab iki dadi kalodhangane Janggirsana sing diutus ngobrak-abrik katentremaning wadya Pancawati lan gampang anggone ngapusi Sugriwa.

### Kumbakarna

Kumbakarna adhi kapisane Dasamuka. Diwenehi jeneng Kumbakarna jalanan nduweni kuping (karna kaya

kwali (kumba). Minangka wewujudane ditya, nanging Kumbakarna ora tumindak kaya samesthine raseksa.

Sipat jurur minangka sipat utama sing kudu diduwensi satriya. Sipat jujure Kumbakarna katon nalika Kumbakarna wani ngomongake yen bab iku bener mula diandharake bener lan yen luput bakal diandharake luput. Sanajan sing diadhepi pimpinane dhewe lan kangmase dhewe, nanging Kumbakarna tetep ngugemi wewatekan jurur. Kabukti kaya pethikan iki :

(6) K : “Aku matur jurur bisa, aku matur watone kowe seneng ya bisa.”

*‘Aku berkata jurur bisa, atau sekedar menyenangkanmu juga bisa.’*

....

K : “Manut pangrasaku kowe durung bisa mangun negara. Mung bisa mangun kraton, Kraton Ngalengka wi bener. Sing tegese kraton kuwi sing mbok nggo muktine kowe lan kulawargamu...” (DT I, kc.:154)

*‘Menurutku, yang kamu bangun masih kraton. Artinya kraton untuk kemulyaanmu sendiri dan keluargamu. ...’*

Kumbakarna njlentrehake panemune kanthi jurur. Miturute Kumbakarna apa kang diarani kangmase kasil mangun negara Ngalengka kuwi durung pener. Sing diwangun mung kraton. Kraton mung kanggo mujudake kamulyaning Rahwana lan kulawargane, dene kawulane mung didadekake tumbal.

## Rahwana

Paraga antagonis baku sajrone carita Ramayana dipandhegani dening Rahwana. Pamaragane Rahwana minangka gegambaraning pawongan sing seneng ngumbar hawa nepsu. Pamaragane Rahwana salah sawijine kumalungkung. Watak kumalungkunge Rahwana ora ana sing nandhangi. Wujud kumalungkunge katon nalika dheweke ngandharake menyang Kumbakarna ngenani kasile mangun Ngalengka.

Rahwana kepengin mamerake kasuksesane kasebut menyang Ramawijaya. Supaya luwi cetha bisa dideleng ing pethikan iki :

(7) Ra : “Kumbakarna, manut panemumu piye? Yen pun kakang mamerake prekara kasugihane Prabu Dasamuka. Prabu Ramawijaya kareben melek mripaye yen ta Dasamuka ora gampang disepelekake. ...” (DT I, kc.:154)

*‘Kumbakarna, bagaimana menurutmu? Jika aku memamerkan kekayaanku, agar Prabu Ramawijaya mengerti Dasamuka bukan musuh yang gampang disepelekan. Aku membangun Alenga hanya dalam sekejap mata. ...’*

Ing pethikan kasebut katon watek kumalungkunge Rahwana sing ora kepengin dikasorake Ramawijaya. Andharan sadurunge, watak kumalungkung ndadekake sawijine pawongan bakal rumangsa paling bener, ora gelem ngrungokake kandhane liyan, sarta ora trima yen dheweke nganti dikasorake.

## Janggisrana

Janggisrana yaiku abdine Rahwana sing paling ditresnani. Kalungguhane Janggisrana ing Ngalengka dadi lurahing durjana. Wewatekan licik sing diduwensi Janggisrana minangka sangu kanggo ngrusak karukunaning wadya Pancawati.

Bisa dideleng ing pethikan iki :

(8) J : “... dhawuh pangandikane sinuwun, dina iki aku supaya nyusup barisane wanara, supaya wanara kuwi ora nganti rukun, upama nduweni gegayuhan supaya wurung, nah kowe buta sabamu ana jroning banyu mula kowe manjinga ing jerone segara, mengko yen Rama Wijaya sak balane mbendhung gawe tambak dadalana, kudu dirusak.” (DT I, kc.:174)

*‘... Hari ini Prabu Dasamuka menyuruhku agar menyusup di barisan kera, agar para kera saling bertengkar dan tidak rukun. Oleh karena itu, karena kalian berdua adalah buta yang bisa hidup di air, masuklah ke dalam samodra, nanti apabila Ramawijaya dan bala tentaranya membuat bendungan, maka ganggulah dan harus dirusak.’*

Sawise atur palapuran marang Rahwana ngenani rantamane Ramawijaya. Sanalika Janggisrana diutus bali kanggo nggoleki sisi melike Ramawijaya sing kepengin mangun tambak.

Rama lan wadya balane sing arep mbendhung samodra, mula Janggisrana ngongkon Yuyurumpung lan Bajul sengara sing uripe ing jero samodra supaya ngrusak bendungan. Wewatekane sing licik dikatonake saka a anggone Janggisrana weneh prentah marang buta loro mau.

## 4) Latar

Ing lakon Rama Tambak, latar fisik ora digambarake kanthi cetha. Ananging ana saperangan katrangan kang nuduhake latar fisik kang awujud latar papan lan wektu.

Latar papan dituduhake ing Panglebur Gangsa. Kraton Ngalengka minangka papan dumununge Rahwana. Ing Ngalengka ana papan aran Panglebur Gangsa, dituduhake kaya pethikan ngisor iki :

(9) K : “Ana dhawuh apa kakang prabu nimbalii klawan kadang ing Panglebur Gangsa?” (DT I, kc.:153)

*‘Ada berita apakah hingga Kakak memanggil kami di panglebur Gangsa ini?’*

Kajaba latar papan, ing lakon iki uga dituduhake latar wektu yaiku ing wayah esuk. Pethikane bisa dideleng mangkene : Latar wektu sing digambarake nalika Anoman nyoba kakuwatanning tambak yasane Gunawan. Ing carita kasebut, digambarake, anggone Anoman nyoba kakuwatane tambak ing wayah pedak esuk. Bab iki bisa dideleng ing pethikan iki :

(10)“Nyiwang candra wis gumlewang, embanging cakrawala, wayahe wus gagating enjang, rame

swarane sato kluruk sesawuran, wit tan soroting haruna, mega tan katon sumirat lir netraning angga rapuh.” (DT I, kc.:181)

*‘sang rembulan sudah berganti ke cakrawala lain. Sudah waktunya masuk pagi, terdengar ramai suara ayam berkокok bersahutan.’*

Pethikan kasebut nuduhake wektu sing dienggo Anoman nalika nyoba kakuwatane samodra hindi yaiku wektu esuk. Kabukti saka anane tembung wayahe wus gagating enjang lan sato kluruk sesawuran.

## 5) Amanat

Tema ing lakon Rama Tambak ngenani perjuangan. Bab kang onjo sajrone lakon iki ngrembug masalah kepemimpinan. Mula ana amanat sing diwedharake kang cundhuk klawan kepemimpinan kasebut. Amanat sing kinandhut sajrone lakon iki dipilih adhedhasar sring dicaritakake ing lakon lan minangka simbol :

### Jer basuki mawa beya

Maksud kang kinandhut ing amanat iki yaiku anggone nggayuh gegayuhan kudu darbe panjangka. Bab iki cundhuk klawan punjering masalah sing dicaritakake ing Rama Tambak. Bisa dideleng ing pethikan iki :

(11)K : “... Kakang Prabu ora ngerti jer basuki mawa beya. ... nalika kakang prabu Rahwana tata ana ing sukuning Goh Karna. Suwene 10 taun, kanthi sikilmu mbok gantung tanganmu ngathung kasebut ora pati-pati mangan yen ora ana tetesing ebun sing tumiba ing epek-epekmu. Rong taun diparingi sirah loro. Nganti genep 10 taun sirahmu sepuluh. ... kuwi diarani jer basuki mawa beya. Beyane mbok tuku kanthi tata, dene basukine kowe entuk peparangan ganjaran arupa kasekten sirah sepuluh. ...” (DT, kc:155)

*‘... Kakak tidak mengerti jer basuki mawa beya. Ketika Prabu bertapa di gunung Guh karna, kamu bertapa dengan cara kakimu digantung, kamu tidak makan kecuali embun yang jatuh di telapak tanganmu. hingga selama sepuluh tahun kamu mendapat sepuluh kepala. Itulah yang dinamakan jer basuki mawa beya. Biayanya kamu bayar dengan bertapa, sedangkan basukinya kamu mendapat kepala sejumlah sepuluh. ...’*

Adhedhasar pethikan kasebut bisa diweruhi anggone mujudake sawijine tujuwan utawa gegayuhan ora bisa diwujudake kanthi ngurbanake wong liya. Tegese tumrap para pemimpin ing negara, kepentingan bersama kudu didhisikake tinimbangan kepentingan pribadi. Beya sing diwetonake ditindakake kanthi bebarengan, saengga basukine uga bisa digayuh utawa dirasakake bebarengan.

### Urip kuwi lelakon

Amanat ngenani urip kuwi lelakon ing lakon iki dicaritakake nalika Ramawijaya cecaturan klawan Giwang Baruna. Bisa dideleng ing pethikan iki :

(12)GB : “... Pancen Raden, gesang menika panandhang urip, kuwi lelakon. Anjogipun manungsa among sadermi anglampahi, pacoban kedah dipun tampi kanthi legawa ing penggalih.” (DT I, kc.:183)

*‘...memang Tuan, hidup ini lelakon. Manusia hanya bisa menjalani, jika ada cobaan datang seharusnya kita terima dengan hati yang ikhlas.’*

Maksud amanat kasebut nuduhake, sakabehe manungsa kang urip ing donya iki mesthi nduweni lelakon. Ing sawijine wektu bisa kepethuk klawan lelakon sing apik, nanging ing sawijining wektu uga bakal methuki pacoban. Semana uga tumrap para pemimpin. Sanajan pemimpin bisa diarani minangka panguwasa ing negara, nanging ora sateruse bakal nemoni lelakon sing kepenak. Pacoban kasebut ora mung awujud ngrampungake perkara lan liya-liyane, nanging pacoban sing paling abot yaiku ngadhepi hawa nepsu mligine nepsu marang kakuwasan.

### Aja grusa-grusu

Amanat pungkasan yaiku pemimpin ora dikeparengake tumindak grusa-grusu. Tegese kabeh kudu dipikir kanthi wening, dititipriksa kanthi tliti. Jalaran pemimpin minangka punjere pawongan sing dinut para kawulane.

Kajaba ora dikeparengake grusa-grusu, pemimpin kudu nduwe pendhirian. Pemimpin sing nduweni pendhirian kukuh, ndadekake anggone mutusake perkara ora bakal grusa-grusu. Kabeh dilandhesake klawan tetimbangan-tetimbangan sing mateng. Salah sawijine bisa dideleng ing pethikan iki :

(13)S : “... Nek panjenengan ajeng bidhal saniki, mangga kula aturi bidhal. Hla niku jenenge panjenegan kemrungsung tanpa ngangge paniti priksa. ... Mung greget gumregeting panggalih pari kudu ndang kecekel apa butuhe agakane niki mangke-mangke sok kempyoh neng tengah dalam sebab tanpa petung tanpa ngangge penggalih sing wening. Grusa-grusu, entuke mesthi kesuru.” (DT I, kc.:151)

*‘.. Jika Tuan ingin berangkat sekarang silahkan. Seperti itu Tuan hanya terburu-buru tanpa mempertimbangkan semua, yang penting bisa tercapai apa yang diinginkan, jangan-jangan nanti malah menimbulkan masalah jika tanpa perhitungan, terburu-buru malah akan mendapat masalah.’*

Adhedhasar pethikan kasebut, ngelingake marang pemimpin supaya ora grusa-grusu anggone tumindak jalaran ana sesambungane klawan panguripane kawulane. Para pemimpin ora diparengake grusa-grusu weneh putusan. Sadurunge kudu dipretungne kanthi jangkep, nemimbang tuna bathine, lan bisa kanggo tembene.

## **Etika Kepemimpinan Asthabrata**

### **1) Awatak Bumi**

Pemimpin kang niru watak bumi diandharake minangka pemimpin sing nduweni ati jembar, legawa, lan lembah manah. Pemimpin kang niru watak bumi yaiku pemimpin sing bisa fleksibel (gampang nrima, adaptasi). Nanging dilandhesi saka tetimbangan lan pamikiran sing wening saengga ora gampang kena provokasi. Kaya pethikan iki :

(14) Su : "... Sampun ngantos katentremaning para wanara menika mangke dipun ubeg-ubeg kaliyan tiyang Ngalengka. Ingkang api-api badhe suwita. ...."

'... *Jangan sampai ketentraman para bala tentara kera dirusak oleh orang Alengka yang berpura-pura ingin mengabdi. ....*'

R : "Iya, Kakang Nerpati Sugriwa. Aja nggedhekake rasa cubriya marang liyan. Kabeh mau kudu dipriska kanthi permati, Nerpati." (DT I, kc.:178)

'*Nerpati Sugriwa. Jangan terlalu membesarkan rasa curiga kepada orang lain. Semua harus dilihat dengan hati-hati dan tliti.*'

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake Ramawijaya pemimpin sing ora gampang grusa-grusu. Tansah dititipriksa kanthi permati. Sikap kang dituduhake Ramawijaya kasebut uga nuduhake yen ta dheweke pemimpin sing ora gampang kena provokasi saka andhahane.

### **2) Awatak Srengenge**

Watak kapindho niru wewatekane srengenge. Srengenge bisa dadi panutan lan panuntun. Panutan tegese tumindake sing becik bisa ditiru kawulane.

Nalika sawijine nagara nduweni mega proyek kaya proyek Ramawijaya lan wadya Pancawati, mbuthake pimpinan sing bisa diandelake. Sikap kasebut kabukti ing pethikan janturan iki :

(15) R : "Iya, ayo saiki padha nunggalake cipta, rasa, budi, klawan karsa, kalamun ta sira kabeh kalawan panjenenganingsun dinuta klawan gusti, ya dutaning adil kinen nindakake jejibahan manut klawan kodrating urip kang cinandang dhewe-dhewe. ...." (DT I, kc.:182)

'*Mari sekarang kita menyatukan cipta, rasa, budi, dan karsa, karena kamu sekalian dan aku telah diutus oleh Tuhan untuk menjalankan kewajiban dalam kodrat hidup ini sesuai dengan kekuatan masing-masing....*'

Pethikan kasebut nuduhake Ramawijaya ora mung dadi panutan, dheweke uga bisa dadi panuntun marang kawulane. Rama ora mung weneh prentah nanging dheweke uga melu mudhun, melu kerja bareng mangun tambak Setubanda. Sikap pemimpin kaya sing ditindakake Ramawijaya iki uga perlu dibutuhake tumrap kahanan pamrentahan sing nduweni gegayuhan sing gedhe.

### **3) Awatak Candra**

Pemimpin kang niru wewatekane rembulan kudu bisa nuwuuhake swasana nengsemake, damai, bisa weneh solusi nalika kawulane nandang masalah. Sikap bersahabat mujudake ora anane jarak antarane kawula lan pemimpin.

(16) R : "Apa dhasare sira suwita klawan panjenenganingsun?"

'*Apa yang menjadi keinginanmu mengabdi kepadaku?*'

W : "Inggih, estunipun kula mboten suwita kaliyan sariranipun sri rama. Namung kula suwita dhumateng salah satunggiling satriya minangka dados utusaning adil...."

'*Sebenarnya saya tidak mengabdi kepada badanya Sri Rama. akan tetapi saya ingin mengabdi kepada salah satu satriya dutanya keadilan. ....*'

....

R : "Iya, Wibisana. Yen ta pancen mengkono ingsun ora kabotan. Dene jeneng sira suwita klawan panjenenganingsun." (DT I, kc.:179)

'*Baiklah Wibisana jika benar demikian, aku tidak berberat hati. Jika kamu ingin mengabdi padaku.*'

Niru wewatekane bulan kudu diduweni para pemimpin saka tingkat sing paling cilik (kulawarga), nganti pimpinan ing wewengkon luwih amba kaya ta negara. Bab iki ana sambung rakete jalanan saben-saben wong urip mesthi diadhepake masalah. Semana uga sajrone organisasi utawa pakumpulan. Kahanan

### **4) Awatak Lintang**

Wong kang niru watak lintang bakal nduweni gegayuhan sing luhur, nduweni target sing luhur tumrap kemakmuran lan kesejahteraane rakyate.

(17) R : "Kyayi Semar, iya. .... Dina iki aku bakal ngetokake kakuwatan pribadi, sabisa-bisa aku bakal labuh katesnan, aku bakal kepengin ngarah baline garwaning yayi Rekyan Rara Shinta dina iki uga. Kyayi pangestonana tak jangkahe dhewe negara Ngalengka." (DT I, kc.:151)

'*Kyayi Semar, ... hari ini aku akan menggunakan kekuatanku sendiri, sebisa mungkin aku akan merebut kembali Rara Sinta. Kyayi restuiyah, akan kulangkahi sendiri Ngalengka.*'

Gegayuhan kang luhur tamtune kanggo kamulyaning para kawula sing dipimpin. Niru wewatekane lintang uga perlu ditindakake sawijine pemimpin. Nduweni gegayuhan sing luhur tumrap kamulyaning warga ing negarane minangka tujuwan sing mulya.

## 5) Awatak Langit

Wong kang niru watak langit ora bakal seneng ngluputake wong liya, ora dhemen ngundamana wong liya sanajan ta wong kasebut dadi mungsuhe.

(18)R : “Dina iki yen pancen sira wis lair batin ingsun bakal mersajakake gatiningsun, nggoningsun mesanggrah ana mahendra iki, ....” (DT I, kc.180)

*‘Jika kamu sudah lahir batin, aku mengizinkan kamu berada di mahendra ini. ...’*

Pemimpin sing ora niru wewatekane langit bakal nuwuhaake pemimpin sing egois. Pungkasane bisa nglairake kepemimpinan otoriter.

## 6) Awatak Angin

Pemimpin kang awatak kaya angin bakal mutusake perkara kanthi ngumpulake data-data sing valid. Pemimpin sing niru watak angin digambarake pemimpin sing teliti. Sakabehe masalah lan putusan dititipriksa kanthi permati. Bisa dideleng ing pethikan iki :

(19)W : “... Paduka kanjeng Kaka Prabu nampi wangsit menika ibaratipun dhedhaharan. Dhedhaharan menika kedah dipun ratengi rumiyin sampun ngantos dipuntedha kemawon. Mentah, mboten eca kaka prabu. ... Menika hlo kaka prabu, menapa-menapa niku kedah dipuntitipriksa, kedah dipun tliti kanthi permati. Pun petang kanthi jangkep. ....” (DT I, kc.:157)  
*‘... Prabu menerima ilham diibaratkan seperti makanan. Makanan tersebut harus dimatangkan terlebih dahulu. Jika mentah tidak enak dimakan. ... demikianlah Kakak Prabu, semua hal harus diperiksa dengan hati-hati dan teliti, diperhitungkan dengan baik....’*

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake, pemimpin kudu weruh lan ngerti apa maksud sarta teges saka pamrayoga para andhahane.

## 7) Awatak Samodra

Wewatekane samodra gelem nampa apa wae sing mlebu ing jerone. Wong kang nduweni watak kaya samodra tegese nduweni ati sing jembar, gedhe sabare, lan siyap sawayah-wayah kanggo nampa maneka wadulan saka kawulane tanpa ngresula.

(20)R : “Ya jagad bethara ya jagad pangestungkara, Wibisana!”

R : “Bareng si adhi matur kaya mangkono kaya kegugah rasane tyas ingsun....” (DT I, kc.:182)  
*‘Setelah kamu mengatakan seperti itu, seperti tergugah rasa hatiku. ...’*

Wong kang nduweni watak samodra ora tau mbedak-mbedakake golongan, klompok, suku, bangsa, lan agama. Kabeh dianggep padha, yaiku padha-padha minangka makhluk recriptane Gusti kang akarya jagad.

## 8) Awatak Geni

Watak kang pungkasenya yaiku geni. Pemimpin wajib anggone weneh ukuman marang sakabehe wong kang nindakake kaluputan.

(21)R : “Anoman, Mondri kuwi aji panganteb-anteb, sing nduwe aji mondri kuwi mung pukulun sang bathara bayu. Mangka nyatane diparingake klawan jeneng sira. Mesthine nggonmu nindakake kuwi kudu empan nggawa papan!” (DT I, kc.:181)

*‘Anoman. Mondri adalah aji-aji yang hanya diberikan dewa bayu kepadamu. Seharusnya kamu menggunakan sesuai tempat dan keadaan.’*

Tumindake Rama kang tegas duka marang Anoman nuduhake anggone weneh ukuman utawa deduka ora pilih-pilih. Sanajan wong kang nindakake kaluputan kasebut wong kang dipitaya utawa dikasihi, nanging nalika pawongan kasebut wus tumindak lutup mula kudu diwenehi ganjaran samesthine.

## Etika Kepemimpinan Berbudi Bawalaksana

Ing lakon *Rama Tambak*, etika bawalaksana dituduhake saka piwulange Semar marang Ramawijaya. Mangkene pethikane :

(22)S : “... Jengandika niku lak mpun gelem, lak mpun purun ngayomi kalih para kawula tegese nyekel panguwasa. ... netege sawijining bab niku kedah cetha. Yen iya, iya. Yen ora, ora! Tembunge saniki lathi lan pakarti kudu nyawiji sebab panjenengan niku kanggo panutan sing dinut para wadya bala. ....” (DT I, kc.:150)  
*‘... Tuan sudah bersedia mengayomi semua rakyat yang artinya memegang kekuasaan. ... memutuskan suatu hal harus jelas. Perkataan dan perbuatan harus menyatu, karena Paduka sebagai panutan. ...’*

Raja minangka figur panutan sing dinut wong akeh sajrone negara utawa organisasi sing dipimpin. Mula idiom esuk dhele sore tempe ora bisa dicakake dening raja. Raja utawa pemimpin sing mencla-mencle sabdane nuduhake dheweke mung kepengin nguber utawa nuruti napsu, nuruti kanggo kepentingane golongan dhewe.

## Konsep Kepemimpinan

### Memayu Hayuning Bawana

Ing konsep kepemimpinan Jawa, panguwasane pemimpin diwujudake kanggo memayu hayuning bawana. Bisa diandharake kanthi ringkes, konsep kepemimpinan ing Jawa katujokake supaya pemimpin bisa ngreksa kaslametan lan keselarasane sakabehe unsur kang ana ing donya iki.

Memayu hayuning bawana dilandhesake saka prinsip kerukunan saengga kahanan ing donya bisa slamet. Ananging, kanggo mujudake memayu hayuning bawana

iku dudu perkara gampang. Ana syarat-syarat sing kudu ditindakake sadurunge nindakake memayu hayuning bawana. Mangkene pethikane :

(23)S : “....Nek ajeng memayu hayuning bawana kudu disangkani *memayu rahayuning jiwa* iku nata atine dhewe nata awake dhewe. Ping pindho *memayu rahayuning kulawarga*. Sawise bisa nata atine dhewe bisa nata kulawargane. Nek mpun nata atine dhewe, nata kulawargane dhewe bisa, lagi *memayu rahayuning sasama*. Nata kanca rowange nata wong akeh lha nek mpun nata atine dhewe, nata kulawargane, nata wong akeh mpun bisa lagi *memayu hayuning bawana.*” (DT I, kc.:150)

‘... jika sekarang menata dirinya sendiri tidak mampu, bagaimana dengan menata orang banyak? ... jika ingin memayu hayuning bawana harus didahului dengan memayu hayuning jiwa, artinya menata diri sendiri. Kemudian menata keluarga. Jika mampu menata diri sendiri dan menata keluarga, kemudian memayu hayuning sasama. Jika bisa menjalankan ketiganya, baru bisa menjalankan memayu hayuning bawana.’

Andharane Semar kasebut nuduhake tumindak memayu hayuning bawana kudu diwiti saka telung perkara, yaiku : memayu rahayuning jiwa, memayu rahayuning kulawarga, lan memayu rahayuning sasama. Sadurunge nata jagad saisine, sawijine pemimpin kudu bisa nata diri pribadine, banjur menyang kulawargane, lan menyang sasama yaiku wong sakiwa tengene. Andharan kasebut miturut panliti bisa dadi bahan tetimbangan kanggone calon pemimpin sadurunge bener-bener mutusake bakal mimpin negara.

### Manunggaling Kawula Gusti

Konsep ngenani manunggaling kawula gusti ing pola kepemimpinan Jawa ditegesi anane sesambungan antarane raja klawan rakyate lan suwalike.

Ing lakon *Rama Tambak*, konsep Manunggaling Kawula Gusti minangka wujud manunggaling kawula klawan Gustine (pemimpin). Bab iki kaya andharane Wibisana marang Sri Rama mangkene :

(24)W : “Tambak gora cacat menika kalawau kula mboten getun Sinuwun, nanging menika kula nggih mawas dhirini, tetela kekiyatyan menika kedah dipuntindakaken sareng-sareng ingkang dipunwastani *manunggaling kawula gusti*. Dados inggih ratunipun sakawulanipun tumandang sareng-sareng. Nunggal cipta, rasa, budi, karsa,...” (DT I, kc.:182)

‘*Tambak gora menjadi cacat saya tidak menyesal Tuan, justru saya merasa bahwa kekuatan tersebut harus dilakukan bersama-sama yang dinamakan manunggaling kawula gusti. Ratu dan para rakyatnya bekerja*

*bersama-sama. Menyatukan cipta, rasa, budi, dan karsa. ....’*

Pethikan kasebut nuduhake kanggo nggayuh tujuwan saka sawijine organisasi utawa negara kudu anane kerja bebarengan.

Bab iki bisa dimangertenipun kalungguhane pemimpin lan rakyat padha-padha penting. Salah sawijine ora kena mlaku dhewe kanggo mujudake tujuwane bebarengan.

### PENUTUP

#### Dudutan

Adhedhasar andharan kasebut dudutan ing panlitien iki yaiku aspek struktural ing lakon *Rama Tambak* kawangun saka tema, plot, pamaragan, latar, lan amanat. Etika kepemimpinan ana loro yaiku asthabrata lan bawalaksana. Etika asthabrata ing antarane yaiku awatak bumi (ora gampang kena provokasi lan andhap asor), awatak strengenge (bisa dadi panutan lan seneng paring motivasi), awatak bulan (bersahabat marang sapa wae), awatak lintang (nduweni gegayuhan sing luhur), awatak langit (ngayomi), awatak angin (tliti, ngati-ati, lan weruh kahanan satemene), awatak samodra (jembar atine lan gelem nrima maneka pamrayoga), lan awatak geni (adil lan tegas).

Etika kepemimpinan bawalaksana ing lakon *Rama Tambak* minangka piweling marang pamimpin supaya ngati-ati anggone nggawe putusan. Pamimpin sing ora bisa ngedegake sikap bawalaksana bakal dianggep pamimpin sing *plin-plan*, ora nduwe jati dhiri. Saengga para kawula rumangsa ora bisa percaya marang pamimpin sing ora nduwe jati dhiri.

Konsep kepemimpinan Jawa kang dicaritakake ing *Rama Tambak* ana loro yaiku manunggaling kawula gusti lan memayu hayuning bawana. Memayu hayuning bawana sajrone lakon diwujudake kanthi cara mujudake *kesejahteraane* kawula lan ngreksa *keselarasan* alam. Konsep manunggaling kawula gusti diwujudake kanthi cara gotong royong lan pirembugan.

#### Pamrayoga

Adhedhasar andharan analisis lan dudutan, pamrayoga panulis yaiku wayang minangka sawijine warisan kabudayan leluhur kang diakoni UNESCO minangka *masterpiece*. Wus dadi kuwajiban kita para pewaris kabudayan iki ngonceki luwih jero makna sajrone pewayangan. Wayang uga dianggep minangka kaca benggala tumrap panguripane manungsa. Saengga isih akeh nile-nile kang sumimpren sajrone pewayangan sing butuh didhudhah.

## KAPUSTAKAN

Adiwimarta, dkk. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka

Amir, Hazim. 1994. *Nilai-Nilai Ethis dalam Wayang*. Jakarta : Pustaka Sinar Harapan

Bratawijaya, Thomas Wiyasa. 1997. *Mengungkap dan Mengenal Budaya Jawa*. Jakarta : PT Pradnya Paramita

Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen : Sinkretisme, Simbolisme dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta : Narasi

Hamengkubuwono (X), Sri Sultan. 2003. *Ungkapan Hati Seorang Raja*. Yogyakarta : BP Kedaulatan Rakyat

Koentjaraningrat, 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta. PN balai pustaka

Moebirman. 1973. *Wayang Purwa : the Shadowplay of Indonesia*. Jakarta : Yayasan Pelita Jaya

Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press

Nurgiyantoro, Burhan. 2011. *Wayang dan Pengembangan Karakter Bangsa*. Jurnal Pendidikan Karakter, No.1, Tahun I. hal 18-34 (Online). Tersedia dalam <http://bingkaimerah-indonesia.blogspot.com/2010/12/wayang-dan-identitas-sosial-masyarakat.html>. Diakses tanggal 08 Februari 2014 pukul 15.00.

Pradopo, Rachmat Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : PT Prasetia Widya Pratama

Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Estetika Sastra dan Budaya*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar

Ronda, Daniel. 2011. "Perlukah Etika Bagi Pemimpin" dalam <http://edukasi.kompasiana.com/2011/02/27/perlukah-etika-bagi-pemimpin-soal-penyusunan-pedoman-etika-di-dpr-343250.html> (diakses tanggal 07 Februari 2014 pukul 10:07)

Sujamto, 1993. *Sabda Pandhita Ratu*. Semarang : Dahara Prize

Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa : Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa*. Jakarta : PT Gramedia Pustaka Utama

Teeuw, 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra : Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Pustaka Jaya - Girimukti Pasaka

Wibawa, Sutrisna. 2010. "Nilai-Nilai Ethis Kepemimpinan Jawa dalam Serat Wedhatama" dalam [staff.uny.ac.id/system/files/makalah/konferensi\\_diakses\\_tanggal\\_19\\_Desember\\_2013\\_pukul\\_21.06](http://staff.uny.ac.id/system/files/makalah/konferensi_diakses_tanggal_19_Desember_2013_pukul_21.06)

